

# 7,644 Kay Eta Florid Apwouve pou Asirans kont Inondasyon nan kad Asistans pou Katastwòf

Release Date: Fevriye 3, 2023

**LAKE MARY, Fla.** – FEMA apwouve 7,644 kay ki gen kontra asirans gwoup pou twazan nan kad asistans federal pou katastwòf apre Siklòn lan ak Siklòn Nicole.

Kontra asirans yo finanse atravè Other Needs Assistance (Asistans Lòt Bezwen) FEMA pou kay yo ka gen kouvèti pou danje inondasyon nan lavni. Apati 2 Fevriye, FEMA te apwouve \$18.2 milyon nan prim pou 7,594 kontra kòm konsekans Siklòn lan lan ak \$120,000 pou 50 kontra kòm konsekans Siklòn Nicole la. Nan sa yo, 3,006 kontra aktif te pibliye jiskaprezan pou siklòn lan.

Pwopriyetè kay ki elijib yo ap resevwa yon notifikasyon nan men FEMA ki fè konnen yo te mete yo nan yon Plan Asirans Gwoup Inondasyon (Group Flood Insurance Plan, GFIP) epi yo pral resevwa yon Sètifika Asirans Inondasyon. Lokatè ki elijib yo ap resevwa yon notifikasyon ki fè yo konnen yo elijib pou resevwa yon sètifika GFIP pou sa yo. Yo dwe kontakte FEMA nan lespas sis mwa apre yo fin resevwa notifikasyon an epi konfime yo te tounen, oswa yo gen entansyon tounen, nan rezidans anvan katastwòf la.

Moun ki gen kontra yo ap resevwa plizyè rapèl ke kontra yo ap ekspire. Chak ane yo ap resevwa yon lèt, ki gen ladann yon rapèl. Yo ap resevwa yon avi tou 45 jou anvan ekspirasyon an, epi answit yon avi final ekspirasyon an.

Lè GFIP a ekspire, aplikan an responsab pou achte ak kenbe asirans inondasyon an poukont li. Si w pa kenbe asirans pou inondasyon an, sa ka lakòz refi pou asistans FEMA a pou katastwòf inondasyon an alavni.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre Siklòn lan, vizite [floridadisaster.org/info](https://floridadisaster.org/info) and [fema.gov/ht/disaster/4673](https://fema.gov/ht/disaster/4673). Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4\)](https://www.facebook.com/fema) / [Twitter](https://twitter.com/femaregion4) ak sou [facebook.com/fema](https://www.facebook.com/fema).



**FEMA**

Page 1 of 1